



Fich Konsèy pou Fanmi yo

# Byenveni nan Lekòl Piblik nan Massachusetts

## Kijan yon lekòl nan Massachusetts ye?

Chak ane lekòl rele klas. Pifò kominote yo gen Kindergarten pou timoun ki kòmanse nan laj 5 an (nan kèk ka, nan yon laj pi piti). Elèv yo dwe ranpli kondisyon eta ak lokal yo pou yo resevwa yon diplòm lekòl segondè.

Ane lekòl la kòmanse nan fen mwa Out oswa kòmansman mwa Septanm epi li fini nan mwa Jen. Lekòl yo pran yon ti vakans nan mwa desanm (vakans ivè) epi ankò nan mwa fevriye ak avril (vakans yon semèn) ansanm ak yon lòt vakans pwolonje pandan ete a. Verifye ak lekòl ou a si elèv ou an pral manke plis ke kèk jou lekòl.

Lekòl yo itilize yon konbinezon tès, devwa mezon, ak devwa nan klas pou decide si yon elèv pare pou ale nan pwochen klas la. Yo ankouraje fanmi yo pou poze kesyon epi travay ak pwofesè yo pou sipòte elèv yo.



**Resous sa a konsène lekòl lokal ak charter school piblik yo. Lòt opsyon yo ki genyen yo se anseye elèv ou lakay li dapre yon plan ki apwouve pa lekòl piblik lan oswa enskri li nan yon lekòl prive oswa relijye ki ka mande pou fanmi an peye.**

## Kijan pou enskri nan yon Lekòl Massachusetts

Tout timoun dwe ale lekòl ant laj 6 ak 16 lane. Fanmi yo ka enskri nan lekòl nan vil kote y ap viv la. Pale ak lekòl ou an sou kijan pou w enskri. Yo ka mande prèv adrès men si w ap viv ak zanmi oswa nan yon abri, w ap toujou kapab voye pitit ou lekòl. Timoun yo dwe gen prèv pou kèk estati vaksinasyon. Distri lekòl yo pa dwe mande fanmi yo enfòmasyon sou estati imigrasyon yo.




## Èske gen yon pri pou ale nan lekòl leta?

Pa gen okenn pri pou ale nan lekòl leta. Tout timoun k ap viv Ozetazini gen dwa pou yo resevwa edikasyon piblik gratis.

## Wòl Fanmi yo

Fanmi yo ak lekòl yo dwe travay ansanm pou elèv yo reyisi. Fanmi yo ka rantre nan gwoup lekòl lokal yo pou jwenn repons a kesyon yo epi aprann sou kominote lekòl la. Fanmi yo ta dwe mande enfòmasyon sou founiti lekòl tankou kaye, kreyon, ak rad. Anpil distri lekòl ofri repa gratis.



**Fè yon premye pa - pale ak lekòl lokal ou an de elèv ou.**

## Kisa pou fè si Angle pa lang prensipal ou?

Lekòl yo ta dwe kominike ak fanmi yo nan yon lang yo ka konprann. Fanmi yo ka mande pou yo resevwa enfòmasyon nan lang prefere yo epi pou yo gen yon entèprèt lè y ap pale ak lekòl la. Elèv ki pa pale angle yo dwe jwenn sipò pou aprann lang angle.



**Sonje byen: Antanke paran oswa moun k ap bay swen, ou se ekspè sou pitit ou, epi li nòmal pou poze kesyon.**